

Yon prensip konduit pèsonèl

Motif



“Pa gen pèsonn, kèlkeswa malen li t a malen oswa sajès li t a genyen, ki kapab kanpe devan Bondye.” Pwovèb 21:30

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Pa gen chans . . . pa gen ranplasan pou Bondye, ni nou pa kapab fè konkirans avèk Li. Li konnen sa ki pi jis, sa ki pibon, epi sa ki va toujou mache. Plis nou aksepte l bone kòm otorite final epi nou koumanse estriktire vi nou, biznis nou ak peyi nou selon lwa ak prensip Li, pi vit nou va sove. La vi pat fèt pou l te difisil—nou rann li difisil paske nou fonksyone ak motif pwofann. Motif se rezon oswa motivasyon sou kijan epi poukisa nou fè yon bagay. Gen moun ki bay manti, twonpe epi fè manipilasyon pou yo kapab fè yon dil epi yo rele sa “malen”. Sa p ap bannou yon bèl vi men se plis yon dekadans moral. Webster di konsa malen se “saj devan lemon, entelijan oswa toupre laverite.” Donk li enpòtan pou nou toujou cheche laverite. Manipile laverite oswa fè entelijan oswa malen va siman detwi nou.

Jezi te di genyen yon gwo chemen ki Mennen nan destriksyon, men chemen lavi etwat, oubyen nou kapab di “laverite va libere nou.” Li te kreye lavi pou nou te kapab pwogrese. Yon timoun bezwen manje pou li viv epi grandi; menmjan-tou, sèvo ak lespri nou bezwen aprann (manje). Men nou dwe viv selon laverite oubyen nou va malen. Si yon timoun sispann manje, li va mourir; menmjan-tou, si nou sispann aprann laverite, nou va mourir spiritiyèlman, mantalman epi petèt fizikman. Se tankou lè n ap monte bisiklèt—si nou kanpe, nou tonbe.

Lè yon pòm vèt, li ap gwosi ; men si li sispan gwosi, li vin pouri. Menmjan-tou lavi se yon pwosesis, e si nou vle gen yon bon vi, nou dwe kontinye lite pou twa (3) bagay :

1. Pou nou vini moralman kòrèk.
2. Pou nou konprann moun ak sityasyon.

3. Pou nou grandi nan konesans Bondye ak lwa li epi prensip li te konsewa pou limanite.

Bon lavi koumanse lè motif nou pi epi nou swiv bon prensip, lè nou pran responsabilite pou sa nou ye. Nou tankou yon pwodui: kalite nou ak valè nou baze sou prensip ki fè nou. Lè nou onèt epi motif nou pi, nou vin louvri epi nou lib, san ankenn pwojè kache. Moun va santi libète sa a epi nou p ap defann tèt yo kont nou. Yo va respekte nou epi y a vle fè biznis ak nou. Nou pa kapab fè pwòp entelijans oswa riz nou konfyans; si nou fè sa, nou va ekspoze tèt nou lè nou jwenn presyon. Wi nou dwe jwenn bon konsèy men nou dwe wè laverite ak Bondye kòm meyè resous nou ak konseye nou. Sa va anseye nou bonsans ak fason ki pratik ki va mache nan tout sityasyon lavi nou. gendefwa nou edike tèt nou jiskaske nou konsidere nou malen epi saj. Alòs nou koumanse krè nan pwòp kapasite pa nou olye nou krè nan bon konsèy Bondye epi nou vin tounen moun fou, san Bondye. Nou pa kapab fonksyone kòrèkteman san laverite. Li va genbe motif nou pi. Rejte Bondye ak lide li se tankou si nou t a koupe men ki ap bannou manje, paske Bondye ak laverite se sinonim (menm bagay).

Jounen jodi, Lèzetazini genyen plis avoka pa tèt pase nenpòt lòt peyi nan lemond. Nou genyen plis pwosè pase tout peyi ansanm nan lemond. Nou ekri plizyè milye lwa pou entèprete dis kòmmanman yo. Gen kèk moun ki eseye dejwe lòt ak riz yo oswa pran devan ak kèk pwosè milye dola.

Nou bliye senplisite “fè lèzòt sa w t a remen lèzòt fè w.” Annou pa twonpe tèt nou. Bondye konnen touts a n ap fè, epi yonjou li va mete dosye a dwat malgre nou va krè nou rize oswa nou saj. Li enpòtan pou nou saj men annou fè yon jan pou motif nou pi epi itilize konsèy Bondye kòm yon pati nan dil n ap fè ak desizyon nou ap pran. Annou saj epi koute sa Bondye genyen pou l di. Lè sa a yo p ap di nou entelijan oswa nou rize, men yo va di nou saj.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè: Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Travay di se kle pou sikse, men gen moun ki pito solisyon fasil.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete